

RÈGLEMAN AK KONDISYON VANT OZANCHÈ SOU ENTÈNÈT

Ou fèt pou satisfè ak aksepte tout règleman ak kondisyon yo sinon yo pap aksepte òf ou fè sou entènèt la. Si w pa respekte bagay sa yo, yo ka pran tout dispozisyon legal kont ou, ikonpri diskalifikasyon k ap anpeche w patisipe nan vant ozanchè nan Palm Beach County Thrift Store (ke nou rele "Magazen an"). Pou premye ofans la y ap anpeche w patisipe pandan yon (1) ane maksimòm, epi si w gen lòt ofans ankò, yo ka diskalifye w ankò anplis de lòt sanksyon yo:

- 1) Moun k ap soumèt òf la fèt pou l gen omwen 18 tan e li dwe legalman kapab angaje l nan yon kontra avèk Konte Palm Beach.
- 2) Moun k ap soumèt òf la fèt pou dosye yo anrèg e se pou yo anrejistre avèk Magazen an.
- 3) Magazen an rezève dwa pou l ajoute oswa wete lo y ap vann nan vant ozanchè a san l pa bay okenn avi e li rezève dwa pou l rejte yon òf oswa rejte tout òf yo.
- 4) Tout lo y ap vann nan vant ozanchè a ap vann "jan yo ye a-kote yo ye a" (*as is-where is*) avèk tout defo, kit yo te di yo gen defo ou pa, san garanti, kit yo te di l klèman oswa kit yo te souzantann li, ikonpri garanti valè komèsyal la ak eta bagay la souzantann. Se responsabilite moun k ap soumèt òf la pou l enspekte lo y ap vann nan vant ozanchè a selon satisfaksyon l, anvan l soumèt òf li. Yo pap otorize okenn deklarasyon oral ni okenn reprezantasyon sou okenn lo y ap vann nan vant ozanchè a, e nanpwen okenn deklarasyon ki ka bay okenn moun k ap soumèt yon òf okenn dwa.
- 5) Y ap vann chak lo nan vant ozanchè a bay moun ki soumèt òf ki pi wo a, depi moun nan pat diskalifye. Sizoka ta gen yon moun ki soumèt yon òf sou yon lo epi li pa vle l ankò pou nenpòt ki rezon, se manadjè magazen an k ap decide si pou li, wi ou non, ranplase moun ki genyen òf la (yo) pa dezyèm moun ki soumèt òf la konfòmeman ak lòd yo ki soti depi sou pi wo a ensideswit, pouvi ke l jije sa nesèsè e ke li obligatwa, depi yo satisfè pri minimòm lan. Tout lavant yo final - nou pa aksepte okenn atik ki retounen, nou pa akòde ranbousman, ni nou pa aksepte okenn echanj.
- 6) Yo pa ka korije erè nan vant ozanchè a, amwenske gen sikonstans ekstrawòdinè ke yo ka demontre manadjè Magazen an klèman.
- 7) Lè yo anonse moun ki genyen òf ki pi wo yo nan vant ozanchè a, se pou yo menm oswa moun yo bay manda a prezan pou yo siyen yon papye pou aksepte angajman an.
- 8) Yon fwa ou fin antre yon òf, ou pa ka wete l ni w pa ka anile l nan vant ozanchè a. Si yon moun k ap soumèt yon òf pa onore òf li fè a, tout lo nan vant ozanchè a ke moun sa a ki soumèt òf la genyen nan men vant ozanchè a, ap pèdi, anplisde lòt sanksyon y ap pran yo. Si w pa peye pou yon bagay ou achte pou nenpòt ki rezon, ou dakò peye Magazen an montan total frè komisyon li te dwe touche sou sa w pa peye a (4% sou montan òf ou a, mèzalò pa mwenske \$250 pou chak atik ou pa peye), e atravè dokiman sila a, w ap otorize Magazen an pou l kolekte sòm sa a, plis frè tribinal ak lòt frè rekouvreman, atravè nenpòt mwayen legal.
- 9) Selon lalwa sou vant ozanchè, moun k ap achte a se li ki vin pwopriyete epi l absòbe risk pèt yo yon fwa komisè vant ozanchè a fin anonse moun ki genyen an.
- 10) Moun ki genyen nan vant ozanchè a, fèt pou l peye montan total li dwe a. Li ka itilize yon mwayen peman oswa yon konbinezon peman nou aksepte, pa pi ta ke 2:00 pm jou vant ozanchè a. Magazen an aksepte kach, chèk bank, chèk sètifye, chèk vwayaj, manda postal, kat kredi Visa, MasterCard, Amex, ak Discover. Si yon moun bay yon chèk bank, yon chèk sètifye ak/oswa yon chèk vwayaj (se pou tout fèt alòd *Board of County Commissioners of Palm Beach County*) nan montan ki depase montan li bezwen peye a, Magazen an ap ba l monnen si l gen monnen ki disponib.
- 11) Kèlkeswa sa yon moun achte, l ap peye taks leta ak taks lokal sou sa l achte a, amwenske moun nan prezante prèv li gen yon "Sètifika Egzansyon pou Konsomatè" ("*Consumer's Certificate of Exemption*") oswa yon "Sètifika Revant Anyèl pou Taks sou Lavant" ("*Annual Resale Certificate for Sales Tax*") nan Florida.
- 12) Se responsabilite moun k ap achte a pou l pran lisans, pèmi ak mezi sekirite li bezwen pou atik ak ekipman l yo defason pou l satisfè tout estanda gouvènman an egzijè sou sekirite ak fonksyonman, lèfini pou l mete asirans sou atik li genyen yo pou sizoka ta gen risk pèt pandan yo sou pwopriyete konte a.
- 13) Yon fwa vant ozanchè a fini, yo pral remèt pwopriyete yo papye veyikil a-motè yo tousuit. Si mèt yon machin bezwen pran machin li, se pou l prezante prèv li transfere tit machin lan ak kat anrejistremman an, pa pi ta ke de (2) jou gouvènman an ouvri apre li fin genyen vant ozanchè a. Kèlkeswa sikonstans la, yo pap transmèt okenn tit ki pa finalize. Veyikil a-motè yo pral voye nan lòt eta fèt pou gen tit transfè nan Florida. Konsesyonè machin ak revandè ki gen lisans nan Florida kalifye pou yo gen sèten konsiderasyon legal e se moun k ap achte a sèlman k ap benefisye konsiderasyon sa yo depi l prezante yon lisans konsesyonè Florida ki valab.
- 14) Se responsabilite moun ki achte a pou l peye fè wete atik li genyen nan vant ozanchè a, pa pi ta ke twa (3) jou gouvènman an louvri apre l fin genyen vant ozanchè a. Si moun ki achte a pa retire atik la, y ap chaje \$25 pa jou pou frè estokaj pou kèlkeswa atik la, epi Magazen an rezève dwa pou l reprann atik la nenpòt lè apre dat limit yo bay pou retire atik la.